



Mande
Founisè
Ou a

DYAGNOSTIK KANSÈ
**KESYON
AK REPONS**
Avèk founisè w La

Sigjesyon kesyon ou kapab poze founisè
w nan pwochen vizit ou a.

Moun ki prezante l la se



H. Creole

Li enpòtan pou gen yon diskisyon ouvè avèk founisè swen sante w la. Poze kesyon ak presizyon pou gide diskisyon ou an kapab ede w pi byen konprann dyagnostik la epi ede w amelyore rezulta tretman w yo.

Men kèk kesyon senp pou w konsidere pandan pwochèn randevou depistaj ou a.

Kesyon jeneral ou kapab poze pandan randevou w la.

1. Ki kalite kansè mwèn genyen?

2. Ki kote ou panse kansè a te kòmanse nan kò m epi èske li simaye?

3. Èske w konnen nan ki stad kansè m nan ye?

4. Èske w ka esplike m kisa stad yo ye ak kisa yo vle di?

5. Èske m bezwen yon lòt tès oswa yon dezyèm opinyon?

6. Ki chans m genyen pou m siviv ak kansè sa?

7. Ki opsyon tretman mwèn genyen? Kisa ou rekòmande?

8. Ki lè m dwe kòmanse tretman an pou pi bonè?

9. Ki kalite tretman ki disponib?

10. Èske m ap bezwen fè operasyon? Ki risk ki gen nan yon pwosedi?

11. Kòman tretman an ap afekte travay, fanmi mwèn, ak aktivite m fè chak jou yo?

12. Èske m dwe suiv yon rejim espesyal?

13. Èske asirans mwen ap peye tout frè tretman an? Èske genyen plan pèman oswa pwogram ki ka ede ak kopèman/ frè ki sot nan pòch pasyan yo?

14. Ki sèvis sipò ki disponib pou mwen ak fanmi mwen?

15. Kiyès mwen ka rele si m gen lòt kesyon lè m rive lakay?

Dat/lè pwochen randevou mwen an:

Navigatè pou Pasyan ScreenNJ nou an ka sipòte w soti nan tès depistaj la rive nan dyagnostik la. Si gen yon dyagnostik kansè, navigatè pasyan ou an ap ede oumenm ak fanmi w jwenn resous sipò, sant tretman ak plis ankò. Anfen, lè w pare, yo ka mete w an kontak ak yon navigatè enfimyè ki pral pwochèn gid ou nan pakou kont kansè w la.

Referans fasil:

Ranpli Enfòmasyon sou Kontak Founisè / Espesyalis ou yo Anba a

Kalite Founisè: _____

Non: _____

Nimewo Telefòn: _____

Vil/Vil: _____

Kalite Founisè: _____

Non: _____

Nimewo Telefòn: _____

Vil/Vil: _____



Eskane kòd QR la oswa vizite lyen an pou jwenn
plis enfòmasyon sou kijan ou kapab konekte ak yon
navigatè pou pasyan oswa planifiey tès depistaj ou a.



<https://go.rutgers.edu/ScreenNJ-DrQA>

Moun ki prezante l la se

